Нæ хæзна

# ÆВЗАДЖЫ ХЪЫСМÆТ — АДÆМЫ ХЪЫСМÆТ

1898 азы 3 сентябры Къоста йæ уды цæхæрæй кæй сфæлдыста, зæрдæйæ кæуыл фæрыст, уыцы ирон уацмысты æмбырдгонды фыццаг фарсыл ныффыста: "Ирон фæндыр. Зæрдæйы сагъæстæ, зарджытæ, кадджытæ æмæ æмбисæндтæ". Цалдæр мæйы фæстæ, 1899 азы, 26 майы (зæронд нымадæй), уыцы чиныг федта рухс æмæ барджынæй бахоста алы ироны хæдзар дæр, алы ироны зæрдæ дæр. Къостайы "Ирон фæндыр" бирæты ракæсын кодта сæ цæстытæй. Ирон фæллойгæнæг дзы федта йæхи, йæ бинонты, йæ зонгæты, йæ хъæубæсты цард. Федта дзы йе 'фхæрджыты, йæ фарсхæцджыты фæлгонцтæ. Йæ зæрдæмæ йын ныккæсын кодта рухсы цъыртт, бауагъта дзы ныфс, бауæндын æй кодта йæ сомбоныл. Ирон адæмæн "Ирон фæндыр" ссис тырыса йæ дзыллæйы сæраппонд рæстдзинадыл тохы. Сæ фæстагæттæн та — рухсмæхонæг æнусон цырагъ. Банкъарын сын кодта сæ мадæлон æвзаджы аивдзинад, нуарджын æмæ фæлгонцджын кæй у, цыфæнды рæсугъд æнкъарæн æмæ арф хъуыды зæгъæн дæр ыл кæй ис, дунейы аивадон литературæйы æмвæзадыл дзы цыфæнды стыр уацмыс дæр сфæлдисæн кæй ис, уый.

Нæ фыдæлтæй нын хорзæй цы баззад, уыдон сты ирон æвзаг, ирон фарн æмæ æгъдау. Ирон æвзаг нæ фæхицæн кæнын нæ уадзы нæ даргъ æмæ уæрæх, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы историйæ, нæ ирон фарн ис нæ удыхъæды адæймагуарзондзинады æмæ нæ рæстдзинады, ирон æгъдау нæ бæтты кæрæдзийыл. Æртæ дæр стыр ахъаз сты нæ иудзинадæн, фæлæ сæ сæйрагдæр у æвзаг. Мадæлон æвзаг у адæмы фарн æмæ æгъдау иу фæлтæрæй иннæмæ адæттыны сæйрагдæр фæрæз. Æвзаджы хъысмæт у адæмы хъысмæт. Адæмы фидæн баст у йе 'взаджы фидæнимæ. Уый æнкъаргæйæ, зонгæйæ æмæ йыл мæт кæнгæйæ, æрвылаз дæр бæрæг кæнæм Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон.

Ивгъуыд æнусы 60-æм æмæ 70-æм азты Цæгат Ирыстоны кæстæр кары фæлтæртæ иуæй-иу сонт политикты фыдæй ахуыры мидæг фæиппæрд сты сæ мадæлон æвзагæй. Уæд стыхджын "Ирон æвзаг Елхотæй дæлдæр никуы хъæуы", зæгъгæ, ахæм хъуыды, æмæ мадæлон æвзаг скъолайы фæсдуармæ баппæрстой. Уыцы цæстæнгас стых хистæртыл дæр, æмæ сæ цотæй ирон æвзаг ахуыр кæнын нал домдтой. Уый нæ, фæлæ ма сын сæ уырыссаг къордтæм куы раивтаиккой, ууыл дæр архайдтой. Æмæ уыцы хъуыддаг æнцонтæй сæ къухы æфтыд.

Афтæмæй Ирыстоны уæды фæлтæртæй иутæн сæ мадæлон æвзаг æцæгæлон фестад. Уыдон абон иронау фыссын æмæ кæсын нæ, фæлæ рæстмæ дзурын дæр нæ зонынц. Кæмæдæрты дзы фæсмон æрцæуы, фæлæ сæм тынг зын кæсы, Ирыстоны цæргæйæ, иронау дзурын, кæсын, фыссын сахуыр кæнын.

Адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у, — зæгъы ирон æмбисонд. Уæд цымæ ирон адæмæй йæхи æвзаг чи ферох кодта, афтæмæй уырыссаг дæр рæстмæ чи нæ базыдта, уыдоны та куыд хонæм? Æрдæг лæгтæ?!

"Æвзаг зоны?" — афтæ-иу афарстой нæ фыдæлтæ искæй хъуыддаджы фæдыл æндæр адæмимæ æрвитгæйæ. Æндæр адæмты æвзæгтæ зонын чиныг зонынæй уæлдай нæ уыд нæ фыдæлтæм.



Æвзæгтæ æмæ чиныг зонын сæм кадджын уыд. Фæлæ сæхи никуы рох кодтой — се 'взагыл уæлæхох нæ кодтой. Хъуыдис сæ сæ æрвылбоны царды, куысты, æгъдæутты æмæ йæ нуарджындæр, фæрæзджындæр кодтой ныхасы, хъуыдддаджы. Æндæр æвзæгтæ базонынмæ тырнындзинад сæ цард домдта, хи æвзагыл иузæрдиондзинад та сæ туджы уыд. Уымæ гæсгæ искæй æвзаг зон, дæхи мадæлон та ма зон, уый сæм худинаг каст. Æмæ-иу Ирыстонæй дæрддзæф чи цард, уый архайдта йæ цотмæ иронау дзурыныл, куыд амал ын уыд, афтæ арæхдæр сæ Ирыстонмæ ласын, хæстæджытæм æрвитын.

Ирон адæм курдиатджын адæм сты. Абоны онг сæхи хорзæй, фæрæзджынæй, арæхстджынæй цы хъуыддаджы нæма равдыстой, ахæм стæм ис. Наукæйы, аивады, литературæйы, политикæйы, экономикæйы, техникæйы, спорты... Сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ адæймаджы сæ уæлныхты сисынц. Хатт та æрхуым æмæ мæтъæйлаг хъуыдытыл бафты: "Ау, ахæм æнæзæрдæргъæвд адæм стæм, æмæ Ирыстоны цæргæйæ, уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ дæ мадæлон æвзаг базонын дæ бон ма уæд!"

Нæ! Ахæмтæ сæхицæн зын нæ кæнынц, сæ фыдæлты нæ нымайынц, сæ сæрыстырдзинад сафынц, пайдайыл, къæбæрыл хъуыды кæнгæйæ. Æндæр уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ англисаг æвзаг цæмæн ахуыр кæнынц? Немыцаг æмæ францагыл дæр нал æрвæсынц. "Ирон æвзаг та сæ кæм бахъæудзæн!" Æмæ Ирыстоны ралæууыд "уæрæседзауты" рæстæг. Уыдон уырыссагыл дæр раздæрау иузæрдион нал сты, сæ ных сарæзтой англисаг æвзагмæ. О, гормæттæ, цæуыл лæуут, уымæ æркæсут æмæ уал уый æрфидар кæнут. Науæд уæ кæлæх æмæ кæлддзаг фæндагыл дард нæ ацæудзыстут! Уæ быныхъæр рацæудзæн!

Адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у, фæлæ уыцы æвзæгтыл "æри баппа" йеддæмæ зæгъын куы ницы зона, йæ мадæлон æвзаджы рæсугъддзинадыл абарынæн ын фадат куы нæ дæттой, йæ зæрдæ, йæ зонд ын куы нæ рæвдауой, уæд æй цæмæн хъæуынц. Гуыбыны фаг æндæр хуызы дæр бакусæн ис. Æвзагзонæг нациты 'хсæн минæвар у, æмæ йæ мадæлон æвзаг чи нæ зоны, уыцы æвзагзонæг кæй минæвар хъуамæ уа? Никæй. Афтæмæй йыл ничийы ном бады. Ничи та никæй хъæуы. Фыццаджыдæр дæ адæмы куы нæ хъæуай, уæд никæй хъæуыс. Ныртæккæ ирон адæмæй бирæтæ фæлтæрæнтæ кæнынц уырыссаг литературæйы исты сахадыныл. Кæмдæрты, кæддæрты сын æмдзæгъд дæр акæнынц. Фæлæ сæ уацмысты ирон тæваг куы нæ уа, уæд цыфæнды стыр уацмыстæ куы ныффыссай, уæддæр сæ Уæрæсейы литературæйы егъау цæугæдон йæ бынмæ аласдзæн, æмæ бирæ уырыссаг ахæм фысджытимæ мæрдырохы амæттаг бауыдзысты. Уымæн æмæ искæй зæххыл хор тауæн нæй. Сæ уацмысты та ирон тæваг куыд хъуамæ уа, ирондзинадæй сæхи куы иппæрд кæной, уæд!

Иронæн хион цæсты нæ ахады. Æндæр Советон Цæдисы цæрæг адæмтæ цыфыддæры зыгъуыммæ рацарæзты рæстæг сæхи уайтагъд куыд æрæмбæрстой. Се 'взагимæ сæхиуыл уæлæмæ схæцыдысты. Мах та "уæрæседзаутæй" баззадыстæм. Ирон æвзаджы тыххæй махмæ дæр паддзахадон закъоны проект фыст æрцыд. Æмæ йæ сфидар кæныны тыххæй абон дæр ма рахе-бахе кæнæм. Иумæ нæ не 'мбырд кæны арфæйы дзырд. Уымæн æмæ арфæйы дзырд никæмæй цæуы. Алчидæр хъуыды кæны йæхиуыл. Цы пайда йын ратдзæн? Уæлдайдæр бæрнон бынаты чи бады, афтæмæй йæхæдæг, стæй йæ цот дæр иронау кæмæн нæ зонынц, уымæн? Уыдзæн сын къуырцдзæвæн, æмæ фæлтау къуырцдзæвæн æвæры закъонæн.

Ирон æгъдæуттæ раст Къостайы Хъуыбадыйау æййафынц уысмæн над. Цы советон дуджы, цы ныры рæстæг. Уымæй сæм уæд иухуызы фаутæ хастой, ныр та — æндæр хуызы. Уымæй дæр уæд сыл иуæрдæм чи фыста, уый ныр фыссы иннæрдæм — къæссавæлдæхт фæци. Хорз, æмæ сын ирон адæм сæ "зонындзинæдтæ" ницæмæ дарынц æмæ сæ фыдæлты фарн нæ сафынц, æндæр нæ цы рауадаид афонмæ? Уæдæттæ. Хорз æвзæрæй чи нал февзары, ахæмтæ.

Адæмы истори фыццаджыдæр æнцой кæны æвзагыл, йæ æгъдæуттæ æмæ адæмон сфæлдыстадыл. Уый иттæг хорз зыдтой, иннæ адæмтæй нæ истори зæрдиагæй раиртасынмæ чидæриддæр æрæвнæлдта, уыцы ахуыргæндтæ. Æмæ дзы алчидæр раздæр сахуыр кодта ирон æвзаг, стæй уырдыгæй йæ фæндаг акодта дарддæр. Зындгонд францаг ахуыргонд Ж. Дюмезилы та Нарты кадджыты æмæ ирон адæмон сфæлдыстады иннæ ног рауагъд чингуытæм Ирыстонмæ æрвыста Парижæй. Æмæ сæ каст иронау.

Мадæлон æвзагыл раст ныхас рæзгæ фæлтæр хæдзары сæ ныййарджытæй æмæ æхсæнады куы нæ хъусой, уæд сын æй никæцы скъола бауарзын кæндзæн, æмæ йæ куыд æмбæлы, афтæ никуы банкъардзысты, базондзысты. Æвзаг цæугæдонæй уæлдай нæу, йæ гуылфæнтæ æмæ рæсугъд гæнæнтæ сты царды æппæт фарстатыл бинонты, адæмы 'хсæн ныхасы.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби,**
**фыссæг.**

# "ВНИМАНИЕ — ДЕТИ!!!"

**С 21 мая по 10 июня 2012 года проводится Всероссийское профилактическое мероприятие "Внимание — ДЕТИ!!!"**

Главная цель данной операции — предупреждение и предотвращение дорожно-транспортных происшествий с участием несовершеннолетних участников дорожного движения.

Инспектором по пропаганде, совместно с инспекторами ОГИБДД, а также инспекторами ПДН в образовательных учреждениях проводятся профилактические и разъяснительные беседы по безопасному поведению на улицах и дорогах. Подобные беседы будут проводиться и в пришкольных лагерях летнего отдыха. С детьми проводятся игры "Светофор" и "Угадай дорожный знак", викторины на знание ПДД.



Также запланировано провести профилактические мероприятия по безопасности дорожного движения в рамках международного Дня защиты детей, акции, рейдовые мероприятия.

Нарядам дорожно-патрульной службы проведены дополнительные инструктажи о применении максимальных мер административного воздействия к водителям транспортных средств за неиспользование ремней безопасности и детских удерживающих устройств, а также грубые нарушения правил дорожного движения, как превышение скоростных режимов, нарушение правил проезда перекрестка, пешеходных переходов.

Личный состав ОГИБДД ориентирован на повышенное внимание к детям-пешеходам, велосипедистам и контроль за соблюдением ими правил дорожного движения.

Уважаемый водитель! Будь внимательнее и аккуратнее на дороге, особенно в тех местах, где расположены детские учреждения, и в зонах отдыха! Каждый водитель должен задуматься о безопасности и о том, что он сам может сделать для того, чтобы снизить количество смертей и травм на дорогах.

Родители, мы обращаемся к вам. Именно от вас зависит безопасность детей. Вам нужно быть внимательнее и осмотрительнее. Вы своим примером должны научить ребенка всему в жизни, в том числе и Правилам дорожного движения.

**Уважаемые родители, давайте будем соблюдать Правила дорожного движения, и тем самым подавать им пример.**

**Не спешите, переходите дорогу размеренным шагом. Выходя на проезжую часть дороги, прекратите разговаривать — ребенок должен привыкнуть, что при переходе дороги нужно сосредоточиться. Не переходите дорогу на красный или желтый сигнал светофора, как бы вы при этом не торопились.**

**Переходите дорогу только в местах, обозначенных дорожным знаком "Пешеходный переход".**

**Из автобуса, троллейбуса, трамвая, такси выходите первыми. В противном случае ребенок может упасть или побежать на проезжую часть.**

**Привлекайте ребенка к участию в ваших наблюдениях за обстановкой на дороге, показывайте ему те машины, которые готовятся поворачивать, едут с большой скоростью и т. д.**

**Не выходите с ребенком из-за кустов или машины, не осмотрев предварительно дорогу.**

**Не разрешайте детям играть вблизи дороги и на проезжей части.**

**Мария ЗУБОК,**
**инспектор по пропаганде ОГИБДД ОМВД РФ**
**по Ардонскому району.**

# ПРАВИЛЬНОСТЬ ВЫПЛАТ СОЦИАЛЬНЫХ ПОСОБИЙ

490 выездные плановые проверки запланировано провести в течение этого года специалистами отдела проверок и контрольно-ревизионной работы, из них 300 проверок совместно с Пенсионным Фондом республики. На сегодняшний день проведены 173 выездные документальные проверки, что на 25% больше аналогичного периода прошлого года. В ходе проверок не было принято к зачету расходов на выплату страхового обеспечения работников на сумму более 2,5 млн. рублей, это больше на 3,1 % или на 82 618 руб. по сравнению с аналогичным периодом прошлого года. Проведены 1438 камеральные проверки при обращении страхователей за выделением средств на оплату страхового обеспечения. Случаи неправомерного назначения пособий увеличились на 12% или на сумму более 250 тыс. рублей. По результатам проверок было дано положительное решение о выделении страхователям средств на выплату пособий в сумме более 94 млн руб., отказано в выделении средств на сумму более 700 тыс. рублей.

"Проверить соблюдение законодательства работодателями, и не допускать случаев необоснованных выплат социальных пособий, цели, которые мы ставим в ходе совместных проверок", — отметила Управляющий Фонда Залина Айларова.

**Региональное отделение Фонда**
**по Республике Северная**
**Осетия — Алания.**


